



REPUBLICQUE D'HAÏTI

**MINISTÈRE DE LA SANTE PUBLIQUE  
ET DE LA POPULATION**

No. 587

Port-au-Prince, le 14 mai 2021

## AVI

Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP) ap fè popilasyon an konnen gen 2 varyan COVID-19 nou rive jwenn sou teritwa nasyonal la. Varyan sa yo se : varyan brezilyen an ak varyan anglè a.

Laboratwa Nasyonal Sante Piblik ki nan Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP) ap kontinye mennen envestigasyon pou l kapab analize konsekans varyan say o ka genyen lè n konnen kijan varyan sa yo ka simaye byen vit nan peyi a.

MSPP ap kontinye ankouraje popilasyon an pou l kontinye respekte san gad dèyè jès baryè sa yo :

1. **toujou mete kachnen oswa mas nou depi w pral rankontre lòt moun ;**
2. **toujou lave men nou ;**
3. **toujou pran tanperati tout moun avan yo antre nan espas piblik yo ;**
4. **tout moun dwe rete a yon distans yon (1) mètr 50 youn ak lòt sitou lè gen reyinyon nan enstitisyon yo.**

Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP) ap kontinye konte sou jan popilasyon an abitye kolabore avèk li pou n kapab evite COVID-19 la simaye nan peyi a.

*Marie Gréa Roy CLEMENT*  
Doktè Marie Gréa Roy CLEMENT  
Minis

